**УРОК Д1АЯХЬАР**

**1.Маршалла хаттар.**

**Хьехархо: Де дика хуьлда шун дешархой! Тахана вай долчохь лараме хьеший бу.**

**– Хьеший, шу марша дог1ийла!**

**Х.Б.** – Сегодня у нас, ребята, необычный урок, потому что вести его будут сразу два учителя. Вместе со мной урок будет проводить и учитель рисования – Зулихан Вахаевна.

З.В. Ребята, **как вы думаете, почему мы их объединили вместе?** (Это виды искусства, изображающие мир природы)
**З.В. А каков язык поэзии? живописи?** (поэт рисует мир словами, а живописец – цветом и графическими линиями)

**(слушаем 1 куплет песни Даймохк).**

**Хьехархо: Дешархой, муьлха мукъам бара вай ладоьг1нарг?**

-Вай ладуьйг1ира Даймохк ц1е йолчу мукъаме.

**Хьехархо: Нийса боху! Дуьненахь бойзуш болу Даймохк ц1е йолу мукъам бара.**

**- Оцу мукъаме ладоьг1начул т1аьхьа, аша эр ду аьлла хета суна, стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана урокехь?**

-Вай тахана урокехь дуьйцур ду Даймахках лаьцна.

**Хьехархо: Нийса боху. Яздархоша шайн байташкахь айъина, суртдилрархоша шайн суьрташкахь хазалла гайтина вайн исбаьхьчу Даймахках лаьцна дуьйцур ду вай таханлерчу урокехь.**

**2. Ц1ера болх таллар.**

**-Ц1ахь бан белла болх толлур бу вай. Хьан эр дара х1ун болх бара шуна ц1ахь кхочуш бан т1ебиллинарг?**
- Ц1ахь 1амо езар Мамакаев 1аьрбис язйина йолу Даймохк ц1е йолу байт, х1итто дезара даймехкан сарташ, иштта дийцадезара тхайн Даймахках лаьцна а.

**-Нийса боху. Ц1ахь бина болх толлур бу вай.**
**- Хьоме дешархой, стенах олу Даймохк?**

Дешархо: Хьо винчу, кхиинчу, дай баьхначу махках олу.

**Хьехархо: Вай тахана щун Даймахках долу хаарш к1аргдийр ду. Даймахкана гуо таса вай.**

1) **Муьлхачу меттехь бу вайн мохк?**

Дешархо: Дуьненна а евзачу ширчу Кавказехь.

2) **Кавказ йоккха ю. Аренгахь баьржина бу вйан мохк я лаьмнех х1оьттина бу?**

Дешархо: Далла бу хастам! Ког таса аренаш а ю, дог таса лаьмнаш а ду. Лаьмнаш - сан дозалла, сан г1аролла, сан хазалла! Сайн ненан маттахь церан х1оранннан ц1е йийца бух а бу.

**Теболат** – лам, **Дакох** – корта, **Б1аьста** – лам, **Даттах** – корта, **К1естина** – корта, **Т1уьйла** - корта, кхин а дуккха а. Церан локхалла 4000 (йиъ эзар) г1улче кхочуш а, сов а ю, амма сий–йохьан г1улчашца дуьстича, уьш дуьненахь уггар лекха ду.

3) **Ткъа хиш? Оцу хаттарна а къера хила йиш яц шун. Тахана церан ц1ераш хуур ю шуна, ткъа кхана, шаьш махкана кхиъна девлча, вай тахана цlе мел яьккхинчу ломан, хин, lоман неlсагlе х1уьттур ду шу, уьш шайн а, шаьш церан а дуй хоуьйтуш.**

**Хьехархо: Дагахь хаа еза церан ц1ераш.**

Дешархо: Терк, Орга, Соьлжа, Гих, Марта, Г1ой, Валарг, Роьшна, Таьнга, Бас, Хулло, Жалкх, Гуьмс, Мичик, Яьсса, Ямсу,

**Хьехархо: Вайн лаьмнийн, хин амалш йовза хала хир дац цхьанна а.**

**1аьмнаш т1аккха? 1аьмнаш дуй вайн махкахь?**

Дешархо: **1аламо х1иттийний, адамо кхоьллиний дуккха а 1аьмнаш ду тхан. Ткъа сунна йийца луург цхьа хазна ю, шен барамехь деши делча а, ас лур йоцу — Къоьзана–1ам. Ламанийн шовданаш пхьор деца цуьнан, ламанийн бердаш ага деца цуьнан. 1869 (цхьа эзар барх1 б1е кхузткъе исс) г1улч лакхахь ю и хазна, к1оргалла 72 (кхузткъе шийтта) г1улч ю цуьнан, йохалла - 2, 7 (ши эзар ворх1 б1е) чаккхарма, шоралла – 2 (ши б1е) чаккхарма. Цкъа и гинарг а тешар ву ас иза дуьненан даьхнех хуьйцур бац бохург сан дуй хиларх.**

**Хьехархо: Дешархой, аша иштта жоьпаш лур ду — шаьш шайн мехкан дай хила деза дела. Амма цхьаъ хаалаш — иза шун берриг Даймохк бац. Шуна довза дезаш дуккха а х1ума ду.**

**- Вайн нохчийн г1арабевллачу яздархоша, поэташа говзчу маттаца дукха яздина Даймахках лаьцна.**

**Оцу дешан говзанчех цхьаъ ву Мамакаев 1аьрби Шамсудинович. Мамакаев 1аьрбис шен байташкахь хьомечу Даймехкан 1аламан сурт 1аламат дика х1оттадо. Дукха ю цуьнан 1аламан исбаьхьалла гойту произведенеш. Цо шен хазачу, шерачу, говзачу маттахь язйиначарех цхьаъ ю «Даймохк» ц1е йолу байт. И байт схьайийица кийча ду аьлла хета суна шу.**

**- Яхья, хьоьга ладог1а лаьара суна!**

**Дешархочо йоьшу байт.**

**Хьехархо: Дика йийци!**

**Зулихан Вахаевна, 1аьрби Мамакаевс шен байт т1ехь Даймехкан сурт вайна ма хаззар х1отти, х1инца вай махкахь г1арбевлачу художникаш а, вай класс чоьр кегийр говзанчаша а, Даймехкан 1аламан сурт муха х1отти дийцахь ахь.**

З.В. Картины чеченских художников точно доносит до нас те же чувства любви к Родине, что и поэты, но посредством живописи. Искусство, как и язык отражает историю народа. На прошлом уроке вы получили следующее задание, рассмотреть репродукции картин чеченских художников и сделать свой рисунок на тему «Моя Родина». По вашим рисункам я вижу, что вы к уроку готовы.

Дешархо: Зулихан Вахаевна, яханчу урокехь ахьа тхуна дийцира сий-ларамца ширчу б1аьвнех лаьцна, церан истори йиц ца яр т1е а диллира. И болх кхочуш бан оха сацам бира тобанца. Оха цунах лаьцна дукха литература йийшира, нохчийн къоман суртдиллархойн суьрташка а хьажа дахара тхо Нохчийн къоман музей. Оха тидам т1ебахийтира Сулейман Ахмадович Амаевн белхашна. Цуьнани белхашкахь коьрта тема яра Даймохк, Даймехкан б1аьвнаш а. Аргунское ущелье в с. Нихалой, Орлиный край, Похищение луны, Сят аре. БIаьсте. Оха а сацам бира б1ов коьрта тема хилита техешан белхашкахь.

**З.В.** Правильно Магомед, Живопись– Сулеймана Ахмадовича Амаева это прежде всего пейзажи родной Чечни, горы, башни, бурные горные реки, люди гор. Его полотна проникнуты любовью к родной земле, восторгом перед ее царственной красотой, перед суровой простотой живущих здесь людей.

Дешархо (Алия): Вайн нохчийн къоман б1ешерийн б1аьвнех лаьцна ала луур дара суна оьрсийн маттахь. Нет народа без глубоких исторических корней. Жилые и

сторожевые башни - это вечно живая память о народном таланте, его духовном богатстве. Мы должны быть благодарны нашим предкам за эту великую красоту, которую они нам оставили в наследство и которую мы должны сохранить для потомства. Древние постройки – летопись на камне. Научить читать эту летопись, понимать, любить прошлое народа нужно для формирования уважения к истории, чувства причастности к своему народу.

- Аша дехкинчу суьрташца йог1уш юкх т1акх таханлерчу вайн урокан эпиграф.

Хьан бах хьо, сан Даймохк, яханчу хенахь,
Йоза а хьайн доцуш, б1арзбелла баьхна?
Къийсамо аьгначу хьан т1улган белшахь
Гуш ду-кх яздина сан дайшка кхаьчнарг…

Дешархо: Зулихан Вахаевна, вайн махаара вай дайша еш хилла т1еман а чу 1аш волу б1ов а. Асий Мохьмадий барт бира цу б1овнийн сурт цхьана хоттор ду аьлла. Аса доьйцар ду чу 1аш волчу б1овнах лаьцна. Нохчийн шира бlаьвнаш чlогlачу меттехь ян йолош хилла. И меттиг мел чlогlа елахь а, **ларма** еш хилла ор доккхий (ялта lалашдан).Цул лакхахь – **кхай** (божал чохь кхаба). Цул лакхахь – **коьрта цlа** (доьзал чохь lа цlа), цу чохь кхерч хилла. Цул лакхахь - кхоъ **сов цlа** (хьеший тlеоьцуш хилла). Цул лакхахь – **т1еман цlа** (хехой lаш хилла, гонаха тергам беш). Цул лакхахь тхов хилла – **ч1ерх.**

Ч1ерхана тlе буьллуш хилла (тхов берзош) боккха тlулг – **цlурко.** Цхьана шарахь йина вала дезаш хилла бlов, нагахь йина ца довлахь йохо езаш хилла и. Бlов йина девлла де даздеш хилла. Йинчу пхьеро шен куьйган лар юьтуш хилла маркхал (раствор) т1еда йолуш.

-А я хочу рассказать о боевых башнях. Боевые башни были в основном пятиэтажными. Назначение различных ярусов башни трактуется исследователями по-разному. Одни считают, что первый этаж предназначался для содержания скота, другие – для содержания пленников. На самом же деле первый этаж башни обычно заполнялся камнями и грунтом, для того чтобы усилить нижнюю часть башни в случае применения стенобитных орудий. Практически все этажи боевой башни были приспособлены для наблюдения и ведения боя. Боевые башни горцы стремились строить прочно, учитывая все случайности. Мастерство строителей башен передавалось от отца к сыну.

**З.В.** К настоящему времени в **Чечне** сохранилось более 200 боевых **башен**, несмотря на то, что в течение истории они периодически массово уничтожались.

**Башни строились** в основном для защиты от внешних врагов.

З.В. Молодцы ребята, среди ваших рисунков есть очень волнующий душу рисунок, где нарисован **Мечеть Сердце Чечни.**

Медина: Мечеть «Сердце Чечни» в городе Грозном является одной из самых больших и красивых мечетей не только в Европе, но и во всем мире. Мечеть расположена в центре огромного парка на берегу реки Сунжа. Открытая в октябре 2008 г. мечеть названа в честь первого президента Чеченской Республики - Ахмат-Хаджи Кадырова.

**4. Керла тема кхин д1а а хьехар.**

**Х.Б:** Даймохк – ма хаза дош ду хьо лерсина хаза! Х1ун хир ду хьол хьоме, деза?! Вайн нохчийн г1арабевллачу яздархоша, поэташа говзачу маттаца дукха яздина Даймахках лаьцна. Сулаев Мохьмадан «Лаьмнаша ца диццо» роман т1ехь коьртачу турпалхочо Тавсолтас олу т1аме воьдучу шен к1анте: ***«К1ант! – элира Товсолтас, – вай юха гой а ца хаьа Дела воцчунна! Аса сайн весет цундела хьалххехь д1ахоуьйту хьоьга. Адамана дуьненчохь массо х1уманал дукхадезарг шен са ду, шен сил а дезарг – бер ду! Амма, хаалахь, берел а хьоме бу хьуна, Даймохк! Хьо лахь а, висахь а Даймахкана хьанал чекхвалар – сан уггаре а хьалхара весет ду хьоьга!»***

**Х.Б: Замано бигина дозанал арахь дуккха бу нохчий. Шайн Даймахке сатуьйсу цара. Генахь хиларх вайн дайша лардеш схьакховдийна оьзда г1иллакхаш, 1адаташ лардо цара, шайн доьзална довзуьйту цара и хаза г1иллакхаш. Х1инца вай хьовсурду вай дийцинчуьнца дог1уш долчу суьрте.**

Кхечу махка д1а а бахана, бехаш хилла цхьана ненан доьзал. Сингаттамо ч1ог1а к1елйитина хилла цхьа йиша.

Суьрташка а хьожуш г1ийла 1аш Жаннат ю.

Чуйог1у **Амнат:**

**Байт «Даймохк».**

Сан Даймохк, ден метта да ву хьо тхуна,

Ца хилча йиш йоцу нана ю хьо,

Мел дукха баркаллаш ас бахарх хьуна,

Доккхачу хьан декхарх девр дац тхо.

Дика, вон довзуьйтуш, 1амий ахь говза

Дахарна кхиадеш г1о ди ахь тхан,

Х1ай сийлахь, сан Даймохк, бахалахь г1оза

Хьайгарчу дикане тхо кхачадан.

1уьйренца б1арг тоьхча, хьан лекхчу лома

Лерсица лоьцу ас хьан зевне аз,

Цунах сакъералой, дог долу т1ома,

Йоккхаеш, сан Даймохк, хьан 1аламах.

**5. Жам1 дар.**

**Хьехархо: Хьоме дешархой, со тешна ю, кху урокехь шун вайн Даймахке а, 1аламе а, дега-нене а болу безам ч1аг1белла хир бу аьлла, вайн дайша йоьттина б1ов санна шун хаарийн б1ов ч1ог1а хиларх а.**

**Хаарийн б1ов аша муха йоьттина хьожуш аса хаттарш лур ду шуьга.**

**1. -Муьлха байт 1амийра аша?**

**-Сан Даймохк.**

**2. Мила ву цуьнан автор?**

**-1аьрби Мамакаев**

**3. Стенах лаьцна ю иза?**

**-Вайн даймахках лаьцна.**

**4.Даймехкан муьлхачу метте кхечира вай тахана?**

**-Вай кхечира лаьмнашка, дагардира вайн хиш, дийцира вайн мехкан хазнах Къоьзана–1омах лаьцна а.**

**Хьехархо:** Реза ю со аша деллачу жоьпашна.

**Хьехархо: Х1ора амалан аг1онца къоман васт кхоллало. Кху б1аьвнан ч1аг1о санна ду нохчийн къоман васт. Х1окху ч1аг1онан шен бух бу, шен бохь бу. И**

**дерриг цхьаьна хилча бен ца хуьлу кхунах б1ов. Амма суна лаьа шуна кхин а цхьа б1ов йовзийта. И Б1ОВ ЮТТАР Ю ВАЙ 1АЛАМАН СУРТ А Х1ОТТОШ. Кху б1аьвна ч1аг1алла а, хазалла а аша шайн дахарехь лар а еш шайца д1аяхьаъ лаьара суна.**

**Собар долчохь хьекъал хуьлу,**
**Хьекъал долчохь гIиллакх хуьлу,**
**ГIиллакх долчохь ларам хуьлу,**
**Ларам болчохь нийсо хуьлу,**
**Нийсо йолчохь барт хуьлу,**
**Барт болчохь иман-беркат хуьлу,**
**Иман-беркат долчохь марзо хуьлу,**
**Марзо йолчохь безам хуьлу,**
**Безам болчохь ирс хуьлу.**

**-Иштта вайн ягарйина амалш шеца хилчий бен ца хуьлу адамехь Нохчалла. И Нохчалла ларъян иман долуш кхоьийла шу!**

**6. Рефлекси.**

-Таханлера урок ерзош суна хатта лаьара муьлхачу дог-ойланца ерзайо аша урок? Вай тахана бина моьлха болх билгалбокхар бара аша?

-Хьавраъ Баудиновна, вай тахана дуккха а болх кхочуш би. Суна уггаре а хазахеттарг вай музей дахар дара.

-Суна хазахийтира тхаьш тобанца сурт доьллуш.

-Суна призинтаци хазахийтира.

-Суна нохчийн художникаш дехкина сарташ  хазахийтира.

-Суна б1аьвнаш хийтира.

**7. Ц1ахь бан болх балар.**

**Х.Б.Хьоме дешархой таханлерачу урокехь вай дици вайн Даймахках лаьцна. Дуьненачохь уггаре а хьоме йолчу ненаца д1анисбина д1ахотти вай и. Нана - Даймохк вай айби вешан ненан маттахь,   шуна хууш ма-хиллара НР коьйгалхо волчу Ахьмад-Хаьжиийн к1анта Рамзан Кадыровс шен Указца «Нохчийн**

**меттан Де» - д1акхайкхийна апрель беттан 25-г1а де. Оцу указца цо гайтина шен матте болу ларам.**
**З.В. Къоман уггаре коьрта билгало мотт бу. Нохчийн Маттаца схьакхачийна вайга вайн дайша-наноша халкъан г1иллакхаш. Къомо шен мотт хьалаайбар — цо шен синкхетам самабаккхар ду.**
**Х.Б. Вайн т1ейог1ур йолу урок классал арахьара хир ю. Оцу урокехь вай дуьйцур ду ненан маттах льацна. Йогг1учу урокана кечам беш, аша еша еза г1араваьллачу нохчийн яздархочун, поэтан Шайхи Арсанукаевн «Ненан мотт» ц1е йолу байт.**

З. Доьзалехь бийцар а дастама хеташ,
Хьуо винчу ненан мотт д1атесна ахь.
"Сов къен бу дешнашна, бац атта кхеташ!" -
Бохуш, и сийсазбан ца хета иэхь.

Х.Ладог1ал цкъа соьга, "хьекъале корта",
Ладог1ал, яккхий д1а лергара потт:
Йист йоцу х1орд санна, бу хьуна шорта
Ша хууш волчунна вайн нохчийн мотт.

З.Г1иллакхе, оьзда бу доттаг1че буьйцуш,
Мостаг1че вистхуьлуш - ду ира герз,
Хьомечу езаре безам ахь буьйцуш,
Бека и, шех хуьлий хьан деган мерз!

Послушав его, согласишься, не споря,

Что всем, кому дорог, кто в душу проник,

Он глубже по мысли глубокого моря

И выше гор снежных -Чеченский язык.

И меда он слаще,

своей чистотой

Сравниться с водой родниковой лишь вправе.

И Лермонтов слушал его, и Толстой, и Услар его, восхищенный им, славил.

Звенел он веками (что годы ему?), Народу опорой служа своему. :

3. Вайн халкъан ойланаш, дахар а г1ийла
Далхадеш, къийсамна г1иттийна цо.
Нохчийн майралла, оьзда хийла
Зевнечу иллешкахь йекийна цо!

Х. Кавказан лаьмнашкахь эшаре баьлла,
Вайн дегнаш г1иттадеш нохчийн мотт бу.
Кхидолчу къаьмнашна шайнаш а санна,
Нохчашна шайн мотт а сов хьоме бу.
Нагахь хьо ца ваг1ахь хьайн х1алкъцанна,
Хаалахь, декъазниг,- хьо цьалха вуй!

Нохчийн мотт

Акха яр санна и ца баьлла бацалахь,
Боьжна бац стиглара, я эцна базарахь,
Цхьаьнггера юхалург баьккхина бацара –
Кхоьллина хилла и вайн дайша азаллехь.

Ас лору дуьненчохь мел долу меттанаш,
Нохчийн мотт – гуттар а сан оьзда дозалла,
1ожаллин цамгаро д1алаьцна меттахь 1аш,
Цу маттахь дийр ду ас весет а доьзале.

Цу маттахь нанас со дуьххьара хьаьстина,
Цу маттахь некъан дош дадас а кхайкхийна,
Цу матто, – уггаре гергарчу сан синна –
Сан, генахь цхьа висча, дог-ойла айина.

Цуруев Шерип

Хьан бах хьо, сан Даймохк, яханчу хенахь,
Йоза а хьайн доцуш, б1арзбелла баьхна?
Къийсамо аьгначу хьан т1улган белшахь
Гуш ду-кх яздина сан дайшка кхаьчнарг…

* * *

К настоящему времени в **Чечне** сохранилось более 200 боевых **башен**, несмотря на то, что в течение истории они периодически массово уничтожались.

**Башни строились** в основном для защиты от внешних врагов.

**1) Мечеть Сердце Чечни**

Мечеть «Сердце Чечни» в городе Грозном является одной из самых величественных, больших и красивых мечетей не только в Европе, но и во всем мире. Мечеть расположена в центре огромного парка на берегу реки Сунжа. Открытая в октябре 2008 г. мечеть названа в честь первого президента Чеченской Республики - Ахмат-Хаджи Кадырова.